# DÁRILIK ÓSIMLIKLER TÚR-TÚRLIGIN ÚYRENIWDIŃ AKTUAL MÁSELELERI

DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/QAXAI/1050

**Muratbayev Og‘abek, Qo‘chkarov Karomaddin**
Qaraqalpaqstan awil xojaliǵi hám agrotexnologiyalar institute Ekologiya qánigeligi 4-kurs studenti

## ANNOTATSIYA

Maqalada dárilik ósimliklerdiń hár qıylılıǵı tallanǵan. Qaraqalpaqstan florasında ayrım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda házirgi kúnde 1110 túrdegi ósimlik túri ushırasadı.Olardan 37% yaǵnıy 410 nan zıyatı emlik qásiyetke iye. Aral teńiziniń qurıp qalǵan jaǵasında ósetuǵın 73 túrdegi ósimliktiń 13 túri,Ústirtte 85 túr hám shól aymaqlarında 66 túrdegi shıpalı ósimlikler tabılǵan. Olardan 45 túrge jaqını kemeyip ketken, siyrek ushırasatuǵın hám joq bolıp ketiw aldında turǵan dárilik ósimlikler qatarına kiredi.

***Gilt sozler:*** *ósimlikler, dárilik zatlar, antropogen faktor, introdukciya*

Mámleketimizde dárilik ósimlikler ónimlerin sanaat hám táwipshilik ushın jetistirip beretuǵın arnawlı qánigelestirilgen xojalıqlar jıl sayın kóbeyip barmaqta. Sonday-aq, respublikamızda ushıramaytuǵın, keleshekte tábiyatımızǵa iykemlestirilip atırǵan yaki jer sharınıń basqa floristlik rayonlarinan introdukciya etilip atırǵan hám klimatlastırılıp atırǵan dárilik ósimliklerdi úyreniw tarawında da ilimpazlar kóplegen jumıslar alıp bardı hám bul izleniwler dawam ettirilmekte.

Búgińi kúnde ǵárezsiz mámleketler doslıq awqamı territoriyasında ushıraytuǵın 20000 túr joqarı ósimliklerdiń 2500 túri dárilik qásiyetine iye ekenligi anıqlanǵan bolıp, olardan 250 túrge jaqını ilimiy táwipshilikte keń qollanıladı. Házirgi kúnde olardan 50 den artıq túri dárilik ósimlik sıpatında plantaciya sıpatında jetistirilmekte.

Dúnya júzilik den sawlıqtı saqlaw shólkeminiń maǵlıwmatına kóre 80% jer júzindegi insanlardıń salamatlıǵı dástúriy dárilik zatlarınan paydalanıwǵa baylanıslı. Jer júzindegi ósimliklerdiń 35 mıńnan 70 mıńǵa shekemgi túrleri, yaǵnıy barlıq ósimlikler dúnyasındaǵı 14-28% yaki turaqlı paydalanatuǵın ósimliklerdiń 35-70% medicina maqsetinde qollanıladı [4]. Sol sebepli dárilik ósimlikler insan organizmindegi túrli keselliklerdi emlewdiń tábiyiy faktorı esaplanadı.

Dárilik ósimliklerden paydalanatuǵın dári dármanlarǵa bolǵan zárurlik kún sayın artıp barmaqta. Bul bolsa, óz náwbetinde dárilik ósimliklerden jánede keńirek paydalanıwdı talap etedi. Házirgi kúnde respublikamızda 110 nan artıq túrdegi dárilik ósimlikler ilimiy táwipshilikte qollanıladı. Sonday-aq floramızda, Orta Aziya qońsılas mámleketler táwipshilik ámeliyatında qollanatuǵın 1154 túr dárilik ósimlikler ósedi. Rásmiy dári dármanlar (preparat) dıń 70% ten artıǵı dárilik ósimliklerden alınadı. Bir qatar qımbatlı dárilik zatlar tek ósimliklerden alınadı.

Ósimliklerdiń ximiyalıq quramı haqqında G.V.Lazurevskiy, ósimlikler quramında alkaloidlar hám olardıń qásiyetleri haqqında maǵlıwmatlardı bergen.

Dárilik ósimliklerdiń ximiyalıq quramı haqqında G.V.Lazurevskiy, A.S.Sadıkov (1939), A.A.Sadıkov (1956), S.Yu.Yunusov (1974), B.X.Jarekeev (1974), J.Qurbanov hám basqalar (1975), ósimlikler quramındaǵı alkaloidlar hám olardıń qásiyetleri haqqında kóp maǵlıwmatlar bergen. Bul ósimliklerdiń ekologiyası hám tarqalıwı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı A.Baxiev (1999), S.Erejepov (1971, 1978), S.D.Dawletmuratov (1991) maqalalarında oqıw múmkin [1,2].

Qaraqalpaqstan ósimlikleriniń quramında alkaloidlar quramı hám muǵdarın úyreńen. S.Yu.Yunusov izertlewlerinde Ózbekistan hám Qaraqalpaqstandaǵı 800 túr ósimlik túri bar. Qaraqalpaqstanda 300 túr ósimliktiń alkaloidlar quramına tán maǵlıwmatlar ulıwmalastırılǵan. Házirgi kúnde olardıń kópshiligi respublikamız farmacevtika sanaatında túrli dáriler islep shıǵarıwda qollanılmaqta.

Qaraqalpaqstan florası ushın alımlar tárepinen ádebiyatlarda dárilik ósimliklerdiń sanı túrlishe keltirilip ótiledi. Máselen S.E.Erejepov tárepinen (1971) 228 túr, B.Sherbaev tárepinen (1988) 250

túr, P.Xalmuratov tárepinen (1992) 360 túr, Baxiev hám Dawletmuratov tárepinen (1986) 360 túr dep kórsetilgen [4,5,14].

Qaraqalpaqstannıń tábiyiy geografiyalıq aymaqlarında yaǵnıy, Amudarya deltasınıń toǵay bóliminde 150 túr, suw hám suw saqlaǵıshlarına jaqın jerlerde 32 túrli dárilik ósimlikler, Ústirttiń Qaraqalpaqstan bóliminde dárilik ósimliklerdiń 97 túrli, olardıń arqa shıǵıs bóleginde 53 túr ushırasadı. Al Qızılqumnıń Qaraqalpaqstan bóliminde 61 túrdegi dárilik ósimlikler ósedi. (A.Baxiev, K.Butov, S.Dawletmuratov (1983)

Qaraqalpaqstan florasında ayrım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda házirgi kúnde 1110 túrdegi ósimlik túri ushırasadı.Olardan 37% yaǵnıy 410 nan zıyatı emlik qásiyetke iye. Aral teńiziniń qurıp qalǵan jaǵasında ósetuǵın 73 túrdegi ósimliktiń 13 túri,Ústirtte 85 túr hám shól aymaqlarında 66 túrdegi shıpalı ósimlikler tabılǵan. Olardan 45 túrge jaqını kemeyip ketken, siyrek ushırasatuǵın hám joq bolıp ketiw aldında turǵan dárilik ósimlikler qatarına kiredi.

Qaraqalpaǵıstan Respublikasınıń dárilik ósimliklerdi úyreniw boyınsha ilimiy miynetlerdi: S.E.Erejepov (1971), A.Baxiev, S.Dawletmuratov (1986), A.Baxiev, K.N.Butov, S.Dawletmuratov (1977), S.Dawletmuratov, K.Óteniyazov (1990), S.Dawletmuratov, K.Óteniyazov, P.Xalmuratov (1992), R.Eshmuratov, A.Ajiev (2020) jazǵan [5,7,]. Bul ilimiy miynetlerde tiykarınan Qaraqalpaǵıstan sharayatına iykemlesken dárilik hám shıpalıq qásiyetke iye ósimliklerdiń tarqalıwı, olardan alınatuǵın shıpalı qásiyetke iye bolǵan bólimlerden tayarlanatuǵın dáriler hám olardı qay waqıtta qaysı kesellikti emlewde qollanatuǵın usılların aytıp ótken. Sonıń menen bir qatarda, olardıń biologiyalıq dúzilisi, gúllew mapazı, qaysı waqıtta jıynap alınıwı, olardıń ximiyalıq quramı menende tanıstırıp ótken.

V.S.Sokolov (1952) ósimliklerdiń túsine qarap alkaloid tutqan ósimliklerdi 3-klassqa bólgen:

1.Alkaloidlardı ózinde kóp saqlawshı ósimlikler tuqımlası, olardıń quramında 20% ten joqarı bolǵan alkaloidlar bar;

2.Orta alkaloid quramında bar ósimlik tuqımlası, onda 10-20% ke shekem alkaloid bar;

3.Kem alkaloidlı ósimlikler tuqımlası, olarda 1-10% ke shekem alkaloid bar ósimlikler; iytsiygek (1,5-8%), qızıl baltır (0,72%).

Alkaloidlı ósimlikler tiykarınan ıssı hám ayırım suwıq jer bólimlerinde, kóbirek ıssı hám ıǵallı tropik mámleketlerde ósedi.Respublikamızda ósetuǵın quramında alkaloidı bar dárilik ósimliklerge aqsora, aqtut (japıraǵında), atız páshegi, atqulaq (japıraǵında), adiraspan (tuqımında, shóbinde), iytjúzim (miywesinde, paqalında), boyan, gewil, qırıqbuwın, sarıtuńǵıyıq (tamırında), jigildik, qarabaraq, qızılbaltır, qızılsha,taw qızılshası (jasıl shaqasında), túyesińir (paqal, tamırında), qırmızıgúl, mıńjapıraq, partıldawıq (paqalında), oshaǵan, túyetaban, semizshóp (paqalında), aqjuwsan iytsiygek hám basqada ósimliklerde ushırasadı.1987-jılı J.Qurbanov, B.X.Jarekeev, Q.O.Óteniyazovlar aqjuwsanda kóp alkaloidlardıń bolatuǵınlıǵı ústinde ilimiy izertlew jumısların alıp barǵan.

Házirgi waqıtta qoyansúyek ósimligi quramındaǵı alkaloidlardı (Leninradtaǵı) Sankt Petrburgtaǵı ximiya-farmacevtika institutınıń Botanika hám farmakologiya kafedrası tárepinen tereńnen izertlep, onnan bir qansha alkaloidlardı ajıratıp almaqta (Baxiev 1986).

Respublikamızda ushırasatuǵın sherkezdiń miywesinde salsolin, salsolidin alkaloidları bar. Al, japıraǵında bul alkaloidlardıń muǵdarı az.Qaraqalpaqstanda ósetuǵın sherkezdiń ximiyalıq quramın tekserip, onıń japıraǵında 0,17-0,8%, al miywesinde 0,6-1,45% alkaloidlar bar ekenligi anıqlanǵan.

Juwmaqlap aytqanda házirgi kúnde jer sharindaǵi biotúrlilikti saqlap qalıw zárúrligi haqqındaǵı tusinshe kóplegen bekkem tıykarǵa iye bolıp, túrlerdiń qirilip ketiwi birinshi náwbette antropogen faktor - insan iskerligi tásiri astında bárha dawam etpekte. Sol munasábet menen ósimlik dereklerin izertlew hám olardan ańli tárizde paydalanıw aktual mashqala bolıp tabıladı. Onı sheshiw ushun bárshe kúshlerdi sáwlelengen bárshe usınıslardı esapqa alıp islew zárúr

## FOYDALANILGAN ADABIYOTLAR

1. Шербаев Б.Ш. Флора и растительность Каракалпакии. Нукус «Каракалпакстан» 1988. 70-75с.
2. С.Е.Ережепов Основные и дикорастущие лекарственные растения Каракалпакии и их значение Издательство «Каракалпакстан» 1971. 33-35.
3. B.Yo.Tuxtaev, T.X.Maxkamov, A.A.Tulaganov, A.I. Mamatkarimov. Dárilik hám ozuqobop ósimliklar plantatsiyalarini tashkil etish hám xom ashiyosini tayorlash bóisha Iyóriqnoma Toshkent – 2015. 12-14b.
4. Eshmuratov R.A., Ajiev A.B. Qoraqalpoǵiston Dárilik ósimliklari Toshkent «Tafakkur avlodi» 2020. 15-35b.
5. Э.Т.Бердиев, Э.Т.Ахмедов Табиий доривор усимликлар Тошкент- 2018
6. С.Т.Акромов «Усимликлар дунёси ва алкалоидлар» Узбекистон фанлар академиясининг нашриёти Тошкент-1961. 5-10b, 25-35b, 40-55b.
7. O.K.Xojimatov, X.Q.Xaydarov, D.T.Xamraehám, D.A.Imomohám, A.N.Xujanov Ózbekiston Dárilik ósimliklar atlasi. Óquv qóllanma Samarqand-2021.